

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sababaraha hal sakumaha di handap ieu.

Kahiji, jejer humor Sunda dina wacana humor Sunda dumasar kana jejerna nyaéta humonyar sosial, humor séks, humor étnis, humor agama, humor politik, humor pendidikan, humor kaséhatan, humor olahraga, humor transportasi, jeung humor sasatoan.

Kadua, duumasar kana hasil panalungtikan dina buku *Sabukangbéntor*. Dicinekkeun yén fungsi polah ucap anu di antarana nya éta asértif, diréktif, komisif, éksprésif, jeung déklaratif sarta wanda polah ucapna anu di antarana lokusi, ilokusi jeung perllokusi dipedarkeun saperti ieu di handap. Wanda polah ucap nu aya kawengku ku tilu wanda, nya éta lokusi, ilokusi sarta perllokusi.

- a. Polah lokusi nu kapanggih dina éta naskah nya éta mung aya 48 data, atawa mung 68,57%.
- b. Polah ilokusi mangrupa anu pangréana kapanggih, nu kapanggih nya éta aya 61 data, atawa 87,14%.
- c. Polah perllokusi kapanggih aya 29 data, atawa 41,42%.

Disawang tina fungsina, kapanggih aya lima fungsi polah ucap nya éta asértif, diréktif, komisif, éksprésif, jeung déklaratif.

- a. Fungsi asértif mangrupa fungsi anu pangréana kapanggih, nu aya dina éta buku kapanggih aya 43 data, atawa 61,42%. Anu kabagi ku asértif nyebutkeun 43 data atawa 61,42%, asértif ngagulkeun 10 atawa 14,28%., asértif fakta 4 data atawa 5,71% jeung asértif negeskeun 4 data atawa 5,71%

- b. Fungsi diréktif kapanggih aya 29 data, atawa 41,42% anu kabagi ku diréktif panitah aya 10 data atawa 14,28%, diréktif panyarékan aya 9 data atawa 12,85%, diréktif pangajak aya 1 data atawa 1,42%, diréktif mére sawangan aya 5 data atawa 7,14%, diréktif paménta aya 8 data atawa 11,42%, jeung diréktif panungtut aya 2 data atawa 2,85%.
- c. Fungsi éksprésif nu kapanggih dina naskah drama aya 32 data atawa nepi 45,71%. Anu kabagi ku éksprésif muji aya 4 data atawa 5,71%, éksprésif panyawad aya 16 data atawa 22,85%, éksprésif kukulutus aya 16 data atawa 22,85%, éksprésif nyalahkeun aya 9 data atawa 12,85% jeung éksprésif ngaléléwé aya 2 data atawa 2,85%.
- d. Fungsi komisif nu aya dina naskah drama kapanggih aya 15 data, atawa 21,42%. Kabagi ku komisif pangdéséh aya 3 data atawa 4,28%, komisif nawarkeun aya 7 atawa 10%, komisif jangji 2 data atawa 2,85%, jeung komisif nolak hiji hal aya 1 data atawa 2,85%.
- e. Fungsi déklaratif mangrupa fungsi anu pangsaeutikna nu kapanggih dina éta buku, nya éta 2 data, atawa 2,85%.

Katilu, aya dalapan mékanisme nyiptakeun humor dina wacana humor Sunda nyaéta (1) ngarempak hal nu biasa, (2) ngarempak pantrangan kana hal atawa kajadian nu biasa, (3) pamohalan, (4) ngulinkeun kecap, (5) rahul, (6) ngageuhgeuykeun, (7) ngasupkeun hiji hal kana situasi anu béda, jeung (8) ngulinkeun sora basa. Éta dalapan mékanisme nyiptakeun humor téh aya dina rupa-rupa jenis humor. Panglobana implikasi humor anu diwangun ku cara ngarempak hal nu biasa. Ari jenis humor anu panglobana nyaéta jenis humor sosial. Dina humor Sunda aya mékanisme nyiptakeun humor anu béda jeung hasil kajian Monroe nyaéta mekanisme ngulinkeun sora basa, anu bisa dianggap mékanisme has dina humor Sunda. Dipatalikeun jeung pangdeudeul pangajaran basa Sunda di SMA, henteu sakabéh humor Sunda bisa dipaké, anu panglobana lantaran ngandung unsur pornografi. Salian ti éta ogé lantaran unsur sopan santun jeung étika.

Stratégi humoris dina pangajaran basa Sunda umumna alus mun dipaké lantaran bisa ngondisikeun siswa anu asalna kurang sumanget jadi leuwih kondusif. Umumna réspodén miharep guru basa Sunda anu humoris (78,98%). Réspodén mikaresep guru basa Sunda humoris (97,37%) lantaran bisa ngamotivasi kana diajar (100%). Pangajaran basa Sunda anu diselapan ku humor teu matak ngabosenkeun (100%), bisa muserkeun perhatian siswa (97,37%) tur bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh diajar basa Sunda (100%)

Stratégi humoris dina pangajaran basa Sunda bisa dipilih salahsahiji tina dalapan mékanisme nyiptakeun humor Sunda nyaéta (1) ngarempak hal nu biasa, (2) ngarempak pantrangan kana hal atawa kajadian nu biasa, (3) pamohalan, (4) ngulinkeun kecap, (5) rahul, (6) ngageuhgeuykeun, (7) ngasupkeun hiji hal kana situasi anu béda, jeung (8) ngulinkeun sora basa.

1.2 Saran

Dina paparan jeung arguméntasi geus ditétélakeun, humor téh bisa dipaké pikeun ngadeudeul pangajaran basa Sunda di sakola. Ngan henteu sakabéh wacana humor bisa dipaké. Ku kituna, kudu aya panalungtikan deui ngeunaan wacana humor anu cocog pikeun barudak sakola, ti mimiti sakola dasar nepi ka SMA.

Stratégi pangajaran humoris bisa dipaké salah sahiji alternatif dina proses pangajaran bsa Sunda, pikeun ningkatkeun minat jeung ngaronjatkeun kamampuh siswa diajar basa Sunda tur salasahiji acuan pikeun ngawilah-wilah humor dumasar kana tingkatan sakolana utamana mah di SMA.